

Keys AHEC Health Centers

Sèvis Dantè

Chè Paran/Gadyen,

Keys AHEC fyè anonse li gen kapasite ofri Sèvis Dantè Konplè nan sèten lokal Monroe County Public Schools.

KEYS AHEC HEALTH CENTERS pral ofri swen dantè debaz ki gen dwa gen ladan swen dantè pou prevansyon ak restorasyon ak tretman. N ap ofri sèvis sa yo pou timoun ki enskri nan Monroe County Public Schools. Keys AHEC gen dwa voye bòdwo pou konpayi asirans ak Medicaid tou, lè sa aplikab. Nou gen dwa mande yon ti frè konsiltasyon ki kouvri tout vizit yo jiskaske plan tretman an fini.

Tout sèvis yo egzije konsantman paran. Si ou ta vle pou pitit ou resevwa sèvis swen dantè lè yo nesesè, ou dwe siyen **Fòmilè Enskripsyon Pasyan, Antededan Pasyan ak Konsantman Jeneral pou Tretman an (Patient Registration, Patient History and General Consent for Treatment Form)**. Tanpri ranpli tout seksyon yo avèk enfòmasyon nou mande yo. Se paran oswa gadyen legal timoun nan ki pou siyen ak date Konsantman Jeneral pou Tretman Klinik la.

Li enpòtan pou w remèt **Fòmilè Enskripsyon Pasyan, Antededan Pasyan ak Konsantman Jeneral pou Tretman an** bay AHEC Clinic oswa ekip dantè a nan moman vizit la oswa kou sa posib. Sa ap garanti pitit ou a kapab resevwa sèvis yo lè yo nesesè ak san pèdi tan.

Lè Sant Sante a fin resevwa **Fòmilè Tretman** siyen yo, pitit ou a ap gen dwa resevwa sèvis swen ou deziyen yo ke **Pwogram Dantè Keys AHEC HEALTH CENTERS** la ap ofri yo. Tanpri kontakte Kabinè Dantè a nan: **305-743-7111 ext 220** si ou gen kesyon.

Salitasyon sensè,

Michael Cunningham

Michael Cunningham
Prezidan-Direktè Jeneral Keys AHEC

Keys AHEC Health Centers, Inc.

5800 Overseas Hwy, #38-Marathon, FL 33050 PH. 305-743-7111/ FAKS 305-743-7709

Keys AHEC **Health Centers**

Atansyon Pasyan nou yo ki Gen Asirans

Menm si Keys AHEC Health Centers gen dwa voye bòdwo pou konpayi asirans ou an, **PA gen ni dediktib, ni ko-asirans, ni kopeman, ni lòt frè menm jan an ou dwe peye kòm pasyan nou an rapò ak asirans ou.**

Men, onon konpayi asirans ou an ou gen dwa resevwa:

Eksplikasyon sou avantaj ou yo (yo rele sa souvan yon fòmilè **EOB**) ki se yon deklarasyon konpayi asirans maladi w lan voye k ap eksplike ki tretman ak/oswa sèvis yo te peye pou ou.

Ou gen dwa resevwa enfòmasyon sou **dediktib** ou a tou ki se montan ou t ap nòmalman gen pou peye **ak lajan nan pòch ou** pou depans anvan konpayi asirans ou a kouvri depans ki rete yo.

Poutèt Keys AHEC fè gras de tout depans ki gen pou wè ak asirans

OU PA RESPONSAB NI FRÈ SA A NI LÒT FRÈ.

Keys AHEC Health Centers

ANTESEDAN MEDIKAL TIMOUN

Enfòmasyon sou Pasyan an (Konfidansyèl) Dat Jodi a: _____

Non Pasyan an: _____

Dat Li Fèt: _____ Laj: _____ Ak ki Sèks Li Fèt: _____

Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____

Kòd Postal: _____ Telefòn Lakay: _____

Telefòn Selilè: _____ Aksepte tèks: W N

Imèl: _____

SSN Pasyan an: _____ Ras: _____

Lekòl li: _____ Ane: _____

Lang prensipal timoun nan pale: _____

Ki rezon Vizit jodi a: _____

Kantite Moun nan Fanmi an: _____

Entèval Revni Pa Ane Fanmi an: (Make yon sèl)

_____ Mwens pase \$20,000 _____ \$20K -\$35K _____ \$35K-\$50K _____ \$50K-75K _____ \$75K a \$100K _____ Plis pase \$100K

PARAN/GADYEN# 1

Non: _____

Sa Li Ye pou Pasyan an: _____

Dat Li Fèt: _____

*Si li Diferan de Pa Pasyan ki Pi Wo a

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn Lakay: _____

Telefòn Selilè: _____

Kote I ap Travay: _____

Telefòn Travay: _____ Eks: _____

PARAN/GADYEN# 2

Non: _____

Sa Li Ye pou Pasyan an: _____

Dat Li Fèt: _____

Sa Li Ye pou Pasyan an: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn Lakay: _____

Telefòn Selilè: _____

Kote I ap Travay: _____

Telefòn Travay: _____ Eks: _____

IMÈL PARAN GADYEN AN: _____

ENFÒMASYON SOU ASIRANS DANTÈ PRIMÈ A

KOUVÈTI DANTÈ

Konpayi Asirans: _____

Nimewo Telefòn: _____

Gwoup/Nimewo Polis: _____

Non Asire a: _____

Nimewo Asire a: _____

Dat Asire a Fèt: ____/____/____

SSN Asire a: _____ - _____ - _____

TIMOUN NAN GEN MEDICAID:

Konpayi Asirans: _____

Nimewo Medicaid: _____

***Tanpri Bay Kopi Kat Asirans tout Asirans
oswa Medicaid.**

ANTESEDAN MEDIKAL

Tanpri dekri jan sante pasyan an ye kounye a:

Ekselan _____ Bon _____ Pa Bon _____ Wotè: _____ Pwa: _____

Tanpri bay lis tout medikaman pasyan an ap pran kounye a:

MEDIKAMAN	DÒZ	ENSTRIKSYON

Tanpri bay lis tout alèji ou konnen: _____

Èske gen yon doktè k ap okipe pasyan an kounye a? W N Dat Dènye Vizit la: _____

Doktè: _____ Nimewo Kabinè a: _____

Èske pitit ou a janm resevwa dyagnostik oswa tretman pou bagay ki annapre yo?

W N ADHD/twòp aktivite	W N pwoblèm respirasyon	W N bri nan kè	W N fèt twò bonè
W N alèji	W N kansè/timè	W N epatit	W N lafyèv rimatis
W N reyaksyon alèjik tip 1	W N paralizi serebral	W N tansyon wo	W N kriz/epilepsi
W N anemi	W N bouch fann	W N VIH/SIDA	W N apne somèy
W N atrit	W N pale an reta	W N maladi ren	W N anemi falsifòm
W N fo jwenti	W N reta devlopman	W N sansibilite a latèks	W N pwoblèm sinis
W N opresyon	W N dyabèt	W N maladi fwa	W N MST
W N defo nan nesans	W N endispozisyon	W N fèt ak pwa twò fèb	W N wete amigdal
W N maladi blad pipi	W N donmaj nan tèt/kou	W N Pwoblèm mantal/nè	W N tibèkiloz
W N pwoblèm senyman	W N pwoblèm tandè	W N pesmekè	W N pwoblèm wè
W N maladi san	W N maladi kè	W N gwosès	W N lòt

Si se lòt, tanpri presize: _____

Ki dènye fwa pitit ou a t al kay dantis? _____

Non ansyen dantis ak/oswa ajans la: _____

Ki dènye fwa yo te pran radyografi dan pitit ou a? _____

- | | |
|---|---|
| W N Èske dan li ap trakase ou? | W N Èske pitit ou a sèvi ak fil dantè? |
| W N Èske ou sipèvize oswa ede pitit ou a lè l ap bwose dan li? | W N Èske pitit ou a pran konprime oswa sèvi ak rens fliyorid? |
| W N Èske pitit ou a gen jennman nan dan, nan machwa, oswa nan mis? | W N Èske pitit ou a sèvi ak pat dan ki gen fliyorid? |
| W N Èske se dlo nan boutèy, ki filtre anpil, oswa ki sòti nan pui pitit ou a bwè? | W N Èske pitit ou a konn gen bouton lafyèv oswa chank lèt? |
| W N Èske jwenti machwa pitit ou a fè bwi? | W N Èske pitit ou a sere oswa manje dan li? |
| W N Èske pitit ou a manje sikri ak/oswa bwè ji oswa soda souvan? | W N Èske pitit ou a gen maltèt souvan? |
| W N Èske pitit ou a gen dan ki deranje li lè l ap mòde? | W N Èske dan pitit ou a pa ka pran chalè oswa fredè? |
| W N Èske jansiv pitit ou a senyen lè l ap bwose oswa pase fil dantè? | |
| W N Èske aparans dan pitit ou a ap trakase li? | |
| W N Èske pitit ou a te fè aksidan oswa te gen donmaj nan dan/machwa li? | |
| W N Èske pitit ou a gen abitud wonfle oswa respire nan bouch? | |
| W N Èske pitit ou a gen abitud kounye a oswa te genyen li anvan sa pou li souse tetin oswa dwèt li? | |

W N Èske pitit ou a te konn dòmi ak bibon oswa tete lè li vle?

Ki reyaksyon pitit ou a te genyen anvan sa devan entèvansyon dantè? _____

Kijan ou panse pitit ou a pral reyaji nan chèz dantis la? _____

K pastan ki enterese pitit ou a? _____

Mwen paran/gadyen legal timoun sa a ki siyen pi ba a, sètifye sa ki pi wo a kòrèk ak konplè dapre sa mwen konnen. M ap fè doktè a(yo) ak/oswa pèsònèl la konnen si gen **nenpòt** chanjman nan sa ki pi wo a anvan **nenpòt** randevou.

Siyati: _____ Non: _____

Dat: _____ Sa mwen ye pou Pasyan an: _____

KONSANTMAN POU TRETMAN DANTÈ

Mwen paran/gadyen legal ki siyen pi ba a, ak dokiman sa a di mwen dakò pou doktè a(yo) ak/oswa pèsònèl klinik la egzaminen timoun sa a, netwaye dan li, fè tout tretman dantè ki nesèsè, bay anestezi lokal, bay medikaman, pase fliyòrid lokal, fè radyografi dyagnostik, pran foto klinik, jwenn modèl etid ak lòt dosye ki nesèsè pou yon dyagnostik kòrèk pou pitit mwen an. Mwen konprann tretman dantè pitit mwen an sèvi ak konsèy sou konpòtman, ki gen dwa gen ladan konpliman, eksplikasyon ak demonstrasyon entèvansyon yo ak enstriman yo, diferan ton vwa, akseswa pou bouch, oksid nitre (gaz ilaran), oswa estabilizasyon pou pwoteksyon lè sa nesèsè pou favorize konpòtman kolaborasyon ak yon eksperyans pozitif epi pou pwoteje pitit mwen an kont posibilite donmaj.

Siyati Paran an _____ Dat _____

Paran/Gadyen an gen dwa chwazi pou Keys AHEC wè timoun nan san paran prezan avèk yon konsantman aplis. Y ap rele Paran/Gadyen an anvan tout Sèvis Envazif pou mande otorizasyon.

_____ Mwen dakò pou yo wè pitit mwen an san mwen pa prezan.

POLITIK POU VIZIT NAN KABINÈ A

Nou rezève lè randevou w la espesyalman pou ou. Tanpri rive bonè nan tout randevou yo. Si ou bezwen ranvwaye randevou a, tanpri avèti nou omwen 48 èdtan louvrab alavans pou nou kapab bay yon lòt moun chans pran lè sa a. Nou gen dwa mande ou peye yon frè pou anilasyon twò ta, ak randevou ou rate.

Tout timoun dwe akonpaye nan tout randevou yo ak yon granmoun ki gen laj omwen 18 an. Granmoun sa a dwe rete sou plas pandan tout randevou a. Si ou rate plizyè randevou sa gen dwa lakòz Keys AHEC pa bay timoun nan randevou ankò.

Itilizasyon telefòn selilè, tablèt, ak lòt aparèy elektwonik entèdi pandan randevou yo. Itilizasyon kamera ak aparèy anrejistreman odyo ak videyo entèdi san konsantman ekri klè.

Otorizasyon

Moun ki Pa Paran/Gadyen k ap Akonpaye Pasyan an

Detanzantan sa gen dwa rive pou w pa kapab mennen pitit ou a nan kabinè a pou yon randevou e w oblije konte sou yon manm fanmi oswa sou yon zanmi. Nou konprann sikonstans sa yo; sepandan, nou dwe gen yon lèt otorizasyon ekri ki otorize moun sa a akonpaye pitit ou a(yo). Moun k ap mennen pitit ou a ap gen pou li prezante yon pyès idantite legal ki gen foto li nan moman sèvis la.

Otorizasyon sa a bay moun nan pèmisyon pou li mennen pitit ou a(yo), pale ak doktè a, bay otorizasyon pou tretman, e pran desizyon jeneral sou sante ak zafè lajan.

Mwen, _____, bay moun ki nan lis ki pi wo a otorizasyon akonpaye pitit mwen an nan Keys AHEC epi diskite ak bay enfòmasyon medikal/dantè sou pitit mwen an. Mwen otorize li(yo) tou pou li(yo) wè tout dosye medikal ki nesèsè yo epi pran desizyon ki gen nati woutin nan yon kabinè dantè dapre sa doktè a deside.

Non Timoun nan: _____ Dat Li Fèt _____

Non Timoun nan: _____ Dat Li Fèt _____

Non Timoun nan: _____ Dat Li Fèt _____
(SI SE PARAN SÈLMAN KI GEN OTORIZASYON MENNEN TIMOUN YO, TANPRI ENDIKE "OKENN")

Non moun ki gen otorizasyon mennen timoun nan

Sa li ye pou timoun nan

Non moun ki gen otorizasyon mennen timoun nan

Sa li ye pou timoun nan

Siyati (Paran/Gadyen)

Dat

Siyati Doktè k ap Swenyen an

Dat

POLITIK FINANSYE

Pou evite kesyon sou poltik finansye nou an, tanpri li deklarasyon ki pi ba yo byen:

****OU DWE PEYE \$10 ANVAN SÈVIS YO e ou dwe peye li anvan tretman an *ke ou gen asirans ke ou pa genyen*****

****W ap gen pou peye \$10 pou randevou ou pa respekte oswa ou anile san avètisman 24 èdtan alavans randevou w la****

*N aksepte Kach, Kat Debi, MasterCard ak Visa avèk pyès idantite valid. Nou pa aksepte chèk pèsònèl.

*Gen finansman disponib avèk Care Credit pou tretman. Pasyan yo gen dwa enskri nan CareCredit.com. Nou konsidere tout kont ki gen reta plis pase 90 jou kòm an defo e yon tyès pati kapab fè rekouvremant sou yo. Tout frè ki gen pou wè ak rekouvremant ak tyès pati se responsab nan paran/gadyen an.

HIPAA

Konfòmman ak Lwa sou Transfè ak Responsab nan Zafè Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act) 1996 la (HIPAA), enfòmasyon ki pèmèt idantifye pasyan an ap sèvi, pami lòt bagay, pou sa ki annapre yo: tretman; pou jwenn otorizasyon anvan tretman oswa peman nan men asirans dantè; pou jwenn dosye nan men ansyen kabinè dantè; referans pou al wè espesyalis; referans pou sant chiriji ak doktè anestezi ki asosye avèk li a; soumisyon reklamasyon elektwonik; transmisyon faks; fèy enskripsyon; rapèl randevou oswa kat rapèl; oswa pou tyès pati fè rekouvremant sou kont ki an defo yo. Yon divilgasyon konplè deklarasyon HIPAA a disponib nan biwo resepsyon an e li afiche nan kabinè a. Nou sèvi ak akò patenarya avèk tout konpayi ki gen dwa vin an kontak avèk enfòmasyon sou sante ou. Akò patenarya sa a se yon akò sou bò pa yo pou yo kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl ak pwoteje.

POU PASYAN KI GEN ASIRANS DANTÈ: Poutèt lwa HIPAA yo, nou resevwa enfòmasyon *jeneral* sèlman sou polis dantè w lan. Yo pa ba nou ansyen antedant dantè pitit ou a lè n ap verifye si li kalifye. *Se paran/moun k ap okipe timoun nan oswa pasyan granmoun nan ki gen responsab* mete kabinè a okouran entèvansyon dantè ki te fèt deja tankou radyografi nan mitan kouwòn, fim panoramik ak selan. Nou pa aksepte okenn responsab si asirans ou a refize peye. Kabinè nou an pa pran okenn responsab pou OKENN enfòmasyon sou asirans ou te resevwa, sa gen ladan pami lòt bagay avantaj ou gen dwa ak yo; limitasyon; restriksyon; eksklizyon; dat fen kontra; oswa estati 'cobra' yon polis. Asirans dantè se yon kontra ant asire a ak konpayi asirans la, pa avèk kabinè dantè a. Asire a/paran an gen responsab pou li konprann polis dantè li an ak limitasyon, restriksyon oswa eksklizyon li yo, estati cobra oswa dat fen kontra polis sa a an patikilye. Enfòmasyon sa yo disponib nan men depatman Resous Imen an, dirèkteman nan men konpayi asirans dantè a oswa nan dokimantasyon sou polis la ke travay ou a ba ou

SI ASIRANS OU A PA NAN LIS KI PI WO A, nou gen dwa pa nan rezo konpayi asirans dantè w lan. Kontakte konpayi asirans dantè w lan pou verifye si nou nan 'rezonab' li an. Si nou pa nan rezo a, nou gen dwa kapab trete pasyan an kanmenm. Se pasyan an ki resevwa avantaj andeyò rezo yo pa konpayi asirans la kidonk w ap gen pou peye pri total tretman dantè a alavans, e konpayi asirans la ap voye tout avantaj dantè yo bay asire a. Tout kopeman pou plan andeyò rezo yo se *estimasyon* baze sou yon barèm pri 'rezonab ak abityèl' tout asirans dantè yo nan peyi an itilize pou pwofesyonèl ki "andeyò rezo" yo. Ou dwe peye kopeman estime yo nan moman vizit la. Si ou (oswa pitit ou a) bezwen gwo tretman dantè, kabinè nou an ap soumèt yon estimasyon anvan tretman anvan kòmansman tretman an. ***W ap responsab TOUT balans asirans dantè w lan pa kouvri. Asire a dwe okipe tout litij dirèkteman avèk asirans li.***

ESTIMASYON ANVAN TRETMAN YO pa janm garanti ni avantaj ni peman. **Asirans ou a p ap deside ki avantaj ou genyen toutbon toutotan li pa resevwa yon deklarasyon tretman pou fè yon travay final sou li.** Pifò konpayi asirans yo gen direktiv presi pou peman pou entèvansyon. Avantaj dantè yo baze sou alokasyon maksimòm ou pa ane, dediktib ou, ak tout limitasyon, restriksyon oswa eksklizyon ki genyen espesyalman nan polis ou a, ak barèm pri asirans dantè w lan tabli an. Epitou, anpil konpayi asirans gen yon 'maksimòm ki

otorize' pa entèvansyon ki gen dwa mwens pase pri kabinè nou an soumèt yo. **Pasyan an, paran an oswa gadyen an responsab TOUT balans ki rete sòf si kontra avèk yon pwofesyonèl patisipan di yon lòt bagay jan sa ekri pi wo a.** Si ou gen kouvèti doub, dezyèm konpayi asirans la ap baze peman an sou kondisyon 'kowòdonasyon prestasyon' an. Asirans doub la pa garanti peman total tretman an. Li enfòmasyon asirans ou a ofri yo pou konprann kondisyon kowòdonasyon prestasyon an.

Nou soumèt reklamasyon asirans oswa estimasyon anvan tretman yo kòm koutwazi pou pasyan yo. Poutèt nou ranpli reklamasyon dantè w lan sa pa redui ditou responsabilite oswa pèsònèl oswa finansye ou anvè kabinè a. N ap resoumèt reklamasyon yo yon sèl fwa si yon konpayi asirans pa reponn avèk yon otorizasyon oswa peman dis 60 jou. Kèlkeswa afilyasyon pasyan an avèk yon asirans dantè an patikilye oswa kalite kouvèti dantè a, se pasyan an ak/oswa asire a ki alafen responsab TOUT balans ki pa peye.

Mwen li, konprann ak aksepte kontra politik finansye a. Mwen konprann e aksepte nèt responsabilite finansye a pou kont tèt mwen/pitit mwen an/pitit mwen yo. Mwen konprann e m aksepte nèt mwen responsab TOUT balans sou kont la kèlkeswa patisipasyon mwen nan nenpòt asirans dantè. Si mwen gen asirans, siyati mwen otorize pou yo voye avantaj yo dirèkteman pou Steven DeLisle DDS PC. Akò sa a kouvri pami lòt bagay konsiltasyon, egzamen ak tretman ki fèt apati de premye dat la jiska 1 (yon) ane.

KONFIDANSYALITE PASYAN AK OTORIZASYON POU DIVILGASYON - HIPPA

PWOMÈS NOU NAN ZAFÈ KONFIDANSYALITE

Nou respekte konfidansyalite ou. Apa itilizasyon ak divilgasyon nesese nou dekri yo, nou p ap vann enfòmasyon sou sante ou ni bay ankenn nan enfòmasyon sou sante ou a okenn konpayi maketin deyò.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON

Pi ba a w ap jwenn egzanp jan nou gen dwa gen pou itilize oswa bay enfòmasyon sou sante ou:

- Doktè w la oswa yon manm pèsone l la gen dwa oblije bay yon lòt pwofesyonèl lasante oswa yon lopital enfòmasyon sou sante ou si sa nesese pou voye ou lakay yo pou dyagnostik, evalyasyon oswa tretman pwoblèm sante w lan.
- Li gen dwa nesese pou pèsone l asirans ak/oswa faktirasyon nou an bay yon lòt pati, tankou konpayi asirans, travay ou, yon manm fanmi pwòch ou, oswa yon lòt fanmi oswa zanmi pèsone l pwòch, dosye egzamen ak tretman ak dosye faktirasyon ou, poutèt l ap patisipe nan swen ou oswa pou fasilite peman ki gen pou wè ak swen ou.
- Li gen dwa nesese pou sèvi ak enfòmasyon sou sante ou, dosye egzamen oswa tretman ou / dosye faktirasyon ou nan objektif kontwòl kalite oswa nan lòt objektif administratif ki fè kabinè nou an fonksyone yon fason efikas ak ekonomik.
- Li gen dwa nesese pou sèvi ak enfòmasyon ou (egz. Non, adrès, nimewo telefòn, ak dosye klinik ou yo) pou kontakte ou pou fè ou sonje randevou w yo, ba ou enfòmasyon sou lòt chwà tretman, oswa lòt enfòmasyon sou sante ki gen dwa enterese ou. 164520(b)(1)(iii)(A). Si ou pa lakay ou pou resevwa yon rapèl randevou, n ap kite yon mesaj sou reponnè w lan.
*Atansyon, kòm pasyan nou ou gen 'dwa refize' pou kabinè nou an kontakte ou nan sikonstans ki pi wo yo. Men, si ou pa ba nou otorizasyon, sa ta ka gen konsekans sou metòd nou itilize yo pou jwenn ranbousman pou swen ou yo.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON NOU GEN DWA FÈ SAN NI KONSANTMAN OU NI OTORIZASYON OU

Dapre lalwa federal, nou gen dwa oswa oblije itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou san ni konsantman ou ni otorizasyon ou nan sikonstans ki annapre yo:

- Si n ap ba ou sèvis sou lòd yon lòt pwofesyonèl lasante.
- Si n ap ba ou sèvis swen sante nan sityasyon ijans oswa sekou nan ka katastwòf.
- Si lalwa egzije pou nou ba ou tretman e nou pa kapab jwenn konsantman ou apre nou eseye jwenn li.
- Si nou ba ou sèvis swen sante poutèt yon donmaj nan kad aksidan travay.
- Si ou se/te yon manm fòs ame yo, otorite kòmandman militè yo egzije pou nou ba yo enfòmasyon sou sante ou.
- Si nou ba ou sèvis swen sante kòm prizònye.
- Si gen gwo baryè ki anpeche nou kominike avèk ou, men dapre jijman pwofesyonèl nou, nou panse ou vle pou nou ba ou swen.

Apa sikonstans ki pi wo a yo, tout lòt itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante ou ap fèt sèlman avèk konsantman ekri ou.

Dwa ou pou revoke otorizasyon w lan

Ou gen dwa revoke otorizasyon ou ba nou pou divilge enfòmasyon konfidansyèl ou yo nenpòt ki lè. Men, revokasyon w lan dwe pa ekri. Ou kapab rele pou enfòmasyon sou revokasyon otorizasyon w lan pandan lè travay nòmal yo, oswa voye demann ou an nan adrès ki pi wo a. Gen de (2) sikonstans kote nou p ap kapab onore demann revokasyon w lan.

- Si nou deja divilge enfòmasyon sou sante ou anvan nou resevwa demann pou revoke otorizasyon w lan. 164.508(b)(5)(i).
- Si ou te oblije bay otorizasyon ou kòm kondisyon pou jwenn asirans, konpayi asirans la kapab gen dwa a enfòmasyon sou sante ou si li deside konteste nenpòt nan reklamasyon ou yo. Si ou swete revoke otorizasyon w lan, Sedation Dental Center nan Las Vegas dwe resevwa yon deklarasyon ekri.

Dwa ou pou limite itilizasyon oswa divilgasyon

Si gen pwofesyonèl swen sante, lopital, anplwayè, konpayi asirans, oswa lòt moun oswa òganizasyon ou pa vle pou nou bay enfòmasyon sou sante ou, tanpri fè nou konnen pa ekri ki moun oswa òganizasyon ou pa vle pou nou divilge enfòmasyon sou sante ou. Nou pa oblije dakò ak restriksyon ou yo. Men si nou dakò ak restriksyon ou yo, restriksyon an angaje nou. Si nou pa dakò ak restriksyon ou yo, ou gen dwa kite demann ou an tonbe oswa ou te mèt chèche swen nan men yon lòt pwofesyonèl swen sante.

Nou nòmalman ap ba ou enfòmasyon sou sante ou an pèsone l nan moman ou resevwa sèvis nan men nou. Nou gen dwa voye enfòmasyon sou sante ou oswa sou eta kont ou pa lapòs pou ou tou. N ap fè tout sa nou

kapab pou akomode tout demann rezonab si ou ta renmen resevwa enfòmasyon sou yon lòt fòm. Pou ede nou reponn bezwen ou yo, tanpri fè tout demann pa ekri.

Dwa ou pou enspekte ak kopye enfòmasyon sou sante ou

Ou gen dwa pou w enspekte ak kopye enfòmasyon sou sante ou pandan sèt ane apati de dat kreyasyon dosye a oswa pou tout tan enfòmasyon yo rete nan fichye nou yo. Nou egzije pou demann ou an pou enspekte ak/oswa kopye enfòmasyon sou sante ou fèt pa ekri.

Dwa ou pou modifye enfòmasyon sou sante ou

Ou gen dwa pou w mande pou nou modifye enfòmasyon sou sante ou pandan sèt ane apati de dat kreyasyon dosye a oswa pou tout tan enfòmasyon yo rete nan fichye nou yo. Nou egzije pou demann ou an pou nou modifye dosye ou yo fèt pa ekri e pou w ba nou yon rezon pou kore chanjman w ap mande nou fè a. Dwa ou pou resevwa kont sou divilgasyon nou fè sou dosye ou yo.

Ou gen dwa pou w mande pou nou rann ou kont divilgasyon nou fè sou enfòmasyon sou sante ou pandan dènye sis ane yo anvan dat demann ou an. Kont sa a ap gen ladan tout divilgasyon yo sòf:

- a. Divilgasyon ki obligatwa pou tretman, pou jwenn peman pou sèvis ou yo oswa pou fonksyonman kabinè nou an.
- b. Divilgasyon nou fè ba ou.
- c. Divilgasyon ki nesèse pou kenbe yon repètwa moun nan etablisman nou an oswa moun k ap patisipe nan swen ou yo.
- d. Divilgasyon ki fèt nan objektif sekirite nasyonal oswa ransèyman.
- e. Divilgasyon bay gadyen prizon oswa ajan fòs de lòd.
- f. Divilgasyon ki te fèt anvan dat antre an vigè lwa sou konfidansyalite HIPPA a.

Obligasyon nou yo

Lalwa egzije pou nou kenbe konfidansyalite enfòmasyon sou sante ou. Nou oblije tou pou nou ba ou avi sou obligasyon legal nou ak pratik konfidansyalite nou yo nan sa ki gen pou wè avèk enfòmasyon sou sante ou.

Nou dwe respekte kondisyon avi sa a pandan li an vigè. Men, nou gen dwa chanje kondisyon avi sou pwoteksyon enfòmasyon pèsonèl nou yo. Si nou fè yon chanjman nan kondisyon konfidansyalite nou yo chanjman an ap valab pou tout enfòmasyon sou sante ki nan fichye nou yo.

Re-divilgasyon

Lè nou itilize oswa divilge enfòmasyon, moun nou te bay enfòmasyon yo gen dwa re-divilge yo e yo gen dwa pa gen pwoteksyon règ federal sou konfidansyalite yo ankò.

Pou plis enfòmasyon oswa pou rapòte pwoblèm

Si ou gen kesyon e ou ta renmen plis enfòmasyon, ou gen dwa kontakte kabinè nou an pa ekri. Si ou panse yo vyole dwa a konfidansyalite ou yo, ou kapab pote plent devan Keys AHEC nan:

Michael Cunningham, CEO
5800 Overseas Hwy, #38
Marathon, FL 33050
michael@keysahec.org 305 743 7111 eks 202